

Lwa Travay ak Dwa Travayè Imigran yo nan peyi Etazini

Genyen plizyè lwa ki pwoteje anplwaye yo nan peyi sa a. Konnen dwa w nan peyi Etazini ak siy ki montre anplwayè w la ap abize oswa eksplwate w.

Ki Dwa Mwen Genyen?

- Fòk yo peye w omwen **salè minimòm** nan Eta kote w ap travay la. Nan plizyè Eta, salè minimòm nan pi wo pase salè minimòm federal la (\$7.25 pa èdtan).
 - Si w travay plis pase 40 èdtan pa semèn, anplwayè w la dwe peye w **ovètaym**. Sa vle di li dwe peye yon fwa edmi salè nòmal ou a pou chak èdtan ou travay ki depase 40 èdtan pa semèn.
- Epitou, lwa federal yo egzije pou anplwayè w la asire l ou travay nan anviwònman ki **san danje epi ki pwòp**.
- Pwoteksyon pou jèn moun:** Minè ki poko gen 18 lane yo pa kapab travay nan kondisyon ki danjere, tankou nan min, sou machin ki lou, sou do kay, oswa kondi machin. Epitou, genyen limit sou kantite èdtan minè yo kapab travay.




Pou jèn imigran ki fenk rive Etazini yo epi ki pa gen yon pèmi travay, li enpòtan pou nou konprann nou toujou poko genyen otorizasyon legal pou nou travay nan peyi sa a. Pou nou jwenn yon pèmi travay, li nesèsè pou nou pale avèk yon avoka sou opsyon nou genyen nan kad dosye nou an. Genyen plizyè risk lè w travay nan peyi Etazini san otorizasyon legal:

- Sa kapab lage nou nan pwoblèm avèk imigrasyon oswa lòt otorite yo.
- Sa ka konplike dosye w la nan tribinal imigrasyon an, sitou si n ap sèvi ak dokiman yon lòt moun pou n travay.
- Imigran k ap travay san pèmi yo, sitou minè yo, gen plis risk pou anplwayè yo eksplwate yo, maltrete yo, oswa pwofite yo.

Lwa Travay ak Dwa Travayè Imigran yo nan peyi Etazini

Men Dis (10) Siy Avètisman ki Montre Anplwayè w La Ap Eksplwate W oswa Abize W:

1. Lè anplwayè w la pa peye ou salè minimòm ki an vigè nan Eta kote w ye a;
2. Lè w travay plis pase 40 èdtan pa semèn epi anplwayè w la pa peye w ovètaym;
3. Lè anplwayè w la pa kite w pran poz pou w manje oswa pou ale nan twalèt pandan jounen travay la;
4. Lè anplwayè w la pa kite w pran konje lè w malad;
5. Lè anplwayè w la menase w pou l di w ap pèdi travay ou si w pran konje;
6. Lè anplwayè w la kenbe pyès idantite w yo yon fason pou w pa jwenn yo (tankou paspò w, pèmi travay, kat Sekirite Sosyal ou);
7. Lè anplwayè w la pran kòb sou salè w pou l peye lwaye oswa lòt frè, oswa pou l ranbouse yon dèt;
8. Lè anplwayè w la fè w menas pou l rele lapolis oswa imigrasyon pou ou paske w ap travay san otorizasyon legal;
9. Lè anplwayè w la fè w mal oswa menase pou l fè ou menm oswa fanmi w mal si w pa travay;
10. Lè w santi yo fòse w pou travay poutèt ou pè pou sa ki ka rive si w pa travay.



Si w twouve w nan menm sitiyasyon an, ou kapab rele nan nimewo sa yo pou w jwenn èd ak enfòmasyon sou resous yo, dwa ak avantaj ou genyen, epi pou w jwenn sèvis ki disponib yo.

Liy Asistans Nasyonal pou zafè Trafik Moun: 1-888-373-7888

Sant Apèl Nasyonal ki nan Biwo pou Relokalizasyon Refijye (Office of Refugee Resettlement, ORR):

1-800-203-7001 (pou jèn imigran ki pa gen moun ki akonpaye yo)

Dokiman sa a la pou bay enfòmasyon sèlman. Li pa la pou bay konsèy jiridik.

Si w vle jwenn plis enfòmasyon, Ale sou sitwèb Sant Resous nou genyen pou Timoun ki Pa Gen Moun Akonpaye yo a, ki se: ucresourcecenter.org.